



### Modèl Atik Bilten Nouvèl Komisyon pou Jistis Rasyal la pou Patenè yo

Èske ou te konnen gen twa kesyon sou jistis rasyal nan do bilten vòt mwa Novanm sa a pou w ka vote sou yo? Manm nou yo ta dwe konnen ke [Komisyon pou Jistis Rasyal Vil Nouyòk](#) la te pwopoze twa chanjman nan Ak Konstitif Vil Nouyòk la – ki se konstitisyon vil nou an. Objektif chak pwopozisyon se pou entegre ekite nan tout aktivite administrasyon minisipal la. Nou vle pou w jwenn plis enfòmasyon konsènan mezi sa yo pou w kapab pran yon desizyon sou lavni Vil la nan mwa Novanm k ap vini an.

Kesyon pou w veve yo nan do bilten vòt ou an:

- **Ajoute yon Deklarasyon Valè pou Oryante Administrasyon an:** Prefas sa a ta dwe kreye yon vizyon de yon “vil ki jis e ekitab” pou tout abitan Nouyòk yo nan fondman lwa Vil la epi mande pou ofisyèl yo jwenn enspirasyon nan valè sa yo nan tout fonksyon administratif yo. Li ta dwe rekonèt tou tò ki fèt nan lefase ak bezwen pou jwenn yon remèd pou yo.
- **Etabli yon Biwo, yon Plan ak yon Komisyon pou Ekite Rasyal:** Sa ta dwe kreye yon Biwo pou Majistra a travay ak chak ajans minisipal pou kreye Plan pou Ekite Rasyal epi rapòte done ki mezire disparite yo. Epiou sa ta dwe kreye yon Komisyon endepandan pou entegre vizyon ak responsabilite kominote a nan pwosesis la.
- **Mezire Pri Reyèl Lavi a:** Sa ta mande pou administrasyon minisipal la swiv epi rapòte kou reyèl nan Vil Nouyòk pou satisfè kèk bezwen, tankou lojman, manje, swen pou timoun, transpò ak lòt depans ki nesèsè yo. Vrè Kou Lavi a se ta yon nouvo kalkil ki pa konsantre sou povrete, men sou konbyen sa koute abitan Nouyòk yo vrèman pou yo viv ak epanwi nan Vil la ak diyite.

Se premye fwa nan listwa abitan Nouyòk yo pral gen posibilite pou vote dirèkteman sou jistis rasyal nan lwa yo, epi premye fwa nan istwa peyi a ke yon Komisyon Manman-Lwa Vil la pwopoze kalite chanjman sa yo.

Nou angaje nou pou n edike lòt Nouyòkè menmjan avèk nou yo konsènan mezi enpòtan sa yo. Etan Komisyon pou Jistis Rasyal la ap fè yon efò nan diferan lang pou kontakte kominote yo ki anjeneral pa konn abitye vote sou mezi vot yo, ou kapab ede jodi a lè ou pale sou sa ak vwazen w yo, zanmi w yo ak fanmi w ki ka pa konnen anyen de kesyon sa yo.

Ou gen pouvwa pou w deside sou lavni vil ou an. Vòt Antisipe yo ap kòmanse 29 Oktòb epi jou eleksyon an se 8 Novanm. Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan Kesyon pou Moun Vote sou yo nan Eleksyon sa yo, al gade sou sit entènèt Komisyon pou Jistis Rasyal la nan [nyc.gov/racialjustice](https://nyc.gov/racialjustice). Konsilte paj ‘[Take Action](#)’ (Poze yon Aksyon) si ou ta renmen patisipe.